**Основные его работы:**

«Алфыбз» («Букварь»). Амман, 1932. Для обучения зарубежных адыгов.
«Уитхыд» («Твоя история»). Амман, 1953.
«Гъундж» («Зеркало»), Бейрут, 1953.
«Адыгэ пщыналь» (Сборник адыгских песен). Бейрут, 1953.
«Адыгэ орэдыжъхэр» («Адыгские народные песни»). Дамаск, 1954.
«Адыгэ псалъэхэр» («Адыгские поговорки»). Дамаск, 1954.
«Адыгэ (Черкес) фольклор» («Адыгский фольклор»). №1, Париж, 1959.
«Адыгэ фольклор». №2, Нью-Йорк, 1963.
«Адыгэ фольклор». №3, Нью-Йорк, 1963.

**Мы работаем:**
**Пн.-Чт. 10:00 – 18:00**
**Пт. Вс. 10:00 – 17:00**
**Сб. – выходной**
**1-ый четверг месяца – сан.день**

**Наш адрес**: г. Майкоп, ул. Комсомольская, 193.
**тел. 8(8772)52-38-10, 57-04-75, 52-11-50**

**Наш сайт: арюб.рф**

**Мы в**
**http://ok.ru/arubra**
**http://vk.com/arubra**
**https://www.facebook.com/arubra.01**




**Адыгейская республиканская юношеская библиотека**

# «Лъэпкъым



# иорэдыӀу»

(К 130-летию фольклориста, композитора, Поэта Шабана Индрисовича Кубова.)

Майкоп, 2020

Цlыф гъэсагъэщтыгъэу, усакlощтыгъэу, композиторщтыгъэу Хэгъэгу зэошхом ыпэкlэ зиорэдхэр адыгэ унагъо пэпчъ пlоми хъунэу къыщаlощтыгъэхэ Кlубэ Щэбанэ Шэуджэн районым ит къуаджэу Хьакурынэхьаблэ 1890-рэ илъэсым щылэ мазэм и 15-м къыщыхъугъ.

Лэжьэкlо–псэокlо унагъу къызэрыхъухьагъэр, ежьыри афэдэ хъумэ янэ-ятэхэм ашlоигъуагъ. Ау Щэбанэ къуаджэм дэтыгъэ ублэпlэ еджапlэри, мэщытым хэтыгъэ медрысэри къызеуххэм, ишlэныгъэ джыри хигъэхъоным кlэгуlыщтыгъэти, динлэжьхэм апае кlэлэегъаджэхэр къэзыгъэхьазырырэ семинариеу Нальчик дэтыгъэм ар ятэ чlегъахьэ. Ащи кlалэр къыщыуцугъэп, къуаджэм къыгъэзэжьи илъэсихэ кlэлэегъаджэу Iоф зыщеш1эм, яфетическэ бзэшlэныгъэм пылъ семинариеу Марр Петроград щызэхищагъэм 1925 - 1927-рэ илъэсхэм ащеджагъ.

Ащ ыпэкlи ыужкlи, я 20-30-рэ илъэсхэм, Кlубэ Щэбанэ илъэпкъ шlэныгъэм фэщэгъэнымкlэ еджапlэхэм щырящыкlэгъэшхоу щытыгъэ тхылъ зэфэшъхьафхэр предмет зэмылlэужыгъохэмкlэ къыдегъэкlых. Краснодар театральнэ техникумэу къыщызэlуахыгъэм 1933- 1936-рэ илъэсхэм, нэужым Москва дэт театральнэ институтэу А. В. Луначарскэм ыцlэ зыхьырэм иадыгэ студие 1936-1937- рэ илъэсхэм ащырегъаджэх артист хъущт ныбжьыкlэхэр.

Адыгэ ансамблэм изэхэщэнкlи Щэбанэ Iофышхо ышlагъ. Ар адыгэ профессиональнэ музыкэм икъежьапlэ Iутыгъ, ащ хэхъоным, зиушъомбгъуным иlахьышхо хишlыхьагъ. Орэдыбэ гущыlэхэри мэкъамэхэри ежь иехэу ыусыгъ. Ахэм кlэлэцlыкlумэ афэгъэхьыгъэ орэдхэм чlыпlэшхо щаубыты. Адыгэ шlэныгъэ-ушэтыпlэ институтым Iоф щишlэ зэхъуми, анахьэу зыпылъыгъэр адыгэ орэдхэр ары. Лъэпкъым ыусыгъэ орэдхэм якъэугъоижьынкlэ уцугъо иlагъэп.

Кlубэ Щэбанэ 1943-рэ илъэсым Iэкlыб хэгъэгум ифэнэу хъугъэ. Ылсэкlэ чlыгужьым къыфалlэзэ, ау къыгъэзэжьын амал имыlэу зыщыхэхэсыгъэ Тыркуем, Иорданием, Шам, Германием, Францем, Америкэм адыгабзэкlэ ытхыгъэ тхылъыбэ усэхэр, поэмэхэр, пьесэхэр адэтхэу ыкlи адыгабзэм, адыгэ фольклорым афэгъэхьыгъэу къащыдегъэк1ы. Ащ литературнэ архивышхо къыкlэныгъ. Ахэр ежь Щэбанэ егъашlэми къызыфэлlэгъэ ичlыгужъ къыlэкlэхьажьынхэмкlэ, филологическэ шlэныгъэхэмкlэ докторэу Щэшlэ Казбек Iофышхо зэшlуихыгъ, ащ Iэпыlэгъушlоу иlагъэр Кlубэ Щэбанэ шlу дэдэ ылъэгъущтыгъэ ыпхъоу, Iэкlыб хэгъэгухэм ащэпсэуфэ, ренэу ыгу илъыгъэ Саид ары.

## Сиорэд

Сэ сиорэд къызыщамыlо
Тихэку къуапэ имыlи,
Укlэдэlукlмэ, тэди къиlукlэу
Къа1орэр сэ сиорэди.

Жъыу: УкIэдэIукIмэ, тыди къиIукIэу
КъаIорэр сэ сиорэди.
КуплIашъхьэм дэсэу лэжьакIо кIорэм
КъыIорэр сэ сиорэди,
Къушъхьахъум хэтэу мэлмэ апэтым
КъыIорэр сэ сиорэди.
Жъыу: Тикъушъхьэ хэтэу ичIыгу щыпсэурэм
КъыIорэр сэ сиорэди.
Щылыч алашэр къэзыгъэлъэхъурэм
КъыIорэр сэ сиорэди.
Бгъашхъоми тесэу ошъуапщэм щесрэм
КъыIорэр сэ сиорэди.
Жъыу: Зыгур шъхьафитэу ихэку иплъахьрэм
КъыIорэр сэ сиорэди.

Iэпсэу зыIуадзырэр чIыгум нэмысэу
Гъуркlышхом ар зыщигъэщтрэм,
Хьоты борэным хэтэу зэуагъэмэ
КъаIорэр сэ сиорэди.
Жъыу: Хьоты борэным хэтэу зэуагъэмэ
КъаIорэр сэ сиорэди.
К1ыщыми чIэтэу уатэр зыгъаджэрэм
КъаIорэр сэ сиорэди,
Сад чIэгъым чIэсэу еджэкIо цIыкIухэм
КъаIорэр сэ сиорэди.
Жъыу: ЛъэжьэкIо лIыжъи, еджэкIо цIыкIуи
КъаIорэр сэ сиорэди.
Пшъэшъэ зэхэсмэ гопэ дэгъэкIэу
КъаIорэр сэ сиорэди,
Гощэ ныожъмэ нысэр къыращэмэ,
КъаIорэр сэ сиорэди…